SÃO PAULO
GOVERNO DO ESTADO
Secretaria de Educação

USAID DO POVO DOS ESTADOS UNIDOS

OIM ONU MIGRAÇÃO

# APRENDER SEMPRE

# 1º ANO

## ENSINO FUNDAMENTAL

## MATEMÁTICA

Chè elèv e responsab,

Nan lide pou evite pwopagasyon nouvo kowonaviris la, pandan n ap prezève sante tout moun, aktivite nan lekòl yo sispann, yon fason pou diminye sikilasyon moun. Nan objektif pou pa entèwonpi etid ou, menm pandan peryòd sispansyon kou yo, Sekretarya Edikasyon Eta a te prepare yon materyèl pou sèvi w kòm sipò nan moman sa a.

Materyèl sa a divize an de pati: youn se Lang Pòtigè epi lòt la se Matematik. Nan yo, ou pral jwenn aktivite pou elaji konesans ou. Anplis de sa, gen 2 lòt dokiman ki akonpanye materyèl sa a: youn ki gen enfòmasyon sou COVID-19 la, lòt la menm gen oryantasyon ak sijesyon pou w òganize yon woutin etid epi kontinye aprann, menm si w pa ale nan lekòl la!

Lè kou yo retounen, l ap enpòtan pou w remèt pwofesè w la aktivite w fè yo. Konsa, ou pral kabab jwenn yon feedback sou aktivite ke w te rive fè yo, epi tou, ou pral kapab jwenn plis apwi.

Bòn etid!

**Nome da Escola:** ______________________________________________

**Nome do Aluno:** ______________________________________________

**Data:** __/___/2020 **Ano/Turma 1ª Ano EF** __________

## SEKANS 1 – RAFAEL PRAL NAN PLAJ

### AKTIVITE 1

FANMI RAFAEL PRAL FLANNEN NAN PLAJ NAN MWA SA A EPI YO PWOGRAME DAT LA NAN KALANDRIYE MWA A.

RANPLI KALANDRIYE MWA A:

MWA: ______________ ANE: ______________

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |

**1.** PAPA RAFAEL DI KE VWAYAJ LA PRAL FÈT NAN DÈNYE SAMDI MWA A. ALÒ, JOU VWAYAJ LA AP FÈT LA AP KONBYEN NAN MWA A?

**2.** EKRI NON JOU SEMÈN YO NAN TABLO KI ANBA A:

| ONTEM FOI | HOJE É | AMANHÃ SERÁ |
|---|---|---|
| | | |

## AKTIVITE 2

NAN PLAJ LA, POU KENBE TANPERATI LIKID YO AK MANJE YO, TOURIS YO ITILIZE BWAT TÈMIK.



Ilustrações: Ana Rita da Costa

**1.** EKRI NON FÒM JEWOMETRIK BWAT TÈMIK SA YO SANBLE A.

**2.** GADE BWAT TÈMIK PAPA RAFAEL LA:



Ilustração: NUCA

PENTIRE FIGI KI SANBLE AVÈK MAK ANBA BWAT TÈMIK LA PRAL KITE NAN SAB LA:



Ilustração: Joseane A. Ferreira

**3.** POU FÈ IJYÈN, SAVON AK PAT DANTIFRIS PA KA MANKE! GADE FÒM JEWOMETRIK BWAT YO. ÈSKE YO SANBLE OSWA YO DIFERAN?

Ilustração: Ana Rita da Costa




**4.** ASOSYE CHAK BWAT AK PLANIFIKASYON SIPÈFISI LI KORESPONN NAN:




Ilustração: Ana Rita da Costa



## AKTIVITE 3

**1.** NAN DESANN SOU KÒT LA, RAFAEL OBSÈVE MACHIN YO. LI WÈ YON "CAMINHÃO CEGONHA" KI T AP PASE SOU WOUT LA:



Ilustração: Joseane A. Ferreira

**A.** KONBYEN MACHIN KAMYON AN POTE?

**B.** NAN KI SEKANS KOULÈ MACHIN YO PLASE?

**2.** RAFAEL ITILIZE MENM KOULÈ YO EPI LI PENTIRE MACHIN YO NAN YON NOUVO SEKANS KOULÈ. SI L KONTINYE SEKANS SA A, KI KOULÈ PWOCHEN MACHIN LAN TA DWE YE?



Ilustração: Joseane A. Ferreira

**3.** SÈVI AK MENM KOULÈ YO, ÒRGANIZE YON NOUVO SEKANS AK KOULÈ KI DIFERAN DE KOULÈ ANVAN YO.



Ilustração: Joseane A. Ferreira

## AKTIVITE 4

PANDAN VWAYAJ LA, PAPA RAFAEL ABITYE JWE AK KALKIL MATEMATIK!

Ilustração: Ana Rita da Costa




**1.** AK KI NONM PAPA RAFAEL TE PANSE? EKRI KÒMAN W FÈ DEKOUVRI L.

**2.** REZOUD KALKIL MATEMATIK YO EPI RANPLI ESPAS VID YO POU JWENN REZILTA YO MONTRE A:

**A.** _______ + 7 = 9

**B.** _______ + 3 = 6

**C.** _______ + 5 = 7

**D.** 5 + _______ = 9

**E.** 4 + _______ = 6

**F.** 3 + _______ = 7

**3.** RAFAEL PWOPOZE YON LÒT KALKIL. LI DI PAPA L KE L TE PANSE AK YON NONM. NAN NONM SA A, LI RETIRE 2 EPI RETE 1. AK KI NONM LI TE PANSE?

**4.** RÉSOLVEZ LES CALCULS MATHÉMATIQUES, EN COMPLÉTANT LES ESPACES VIDES POUR OBTENIR LE RÉSULTAT INDIQUÉ:

**A.** ________ − 2 = 0

**B.** ________ − 3 = 1

**C.** ________ − 4 = 2

**D.** 6 − ________ = 0

**E.** 5 − ________ = 1

**F.** 7 − ________ = 2

## Sekans 2 - FASAD LANMÈ A

### AKTIVITE 1

PANDAN LI T AP RIVE NAN PLAJ LA, RAFAEL TE ETONE POU KANTITE DLO LI TE WÈ NAN LANMÈ A.



Ilustração: Ana Rita da Costa

1. RAFAEL GEN YON TI BOUTÈY AK YON TI BOKIT. KI SA L KA FÈ POU L DEKOUVRI KIYÈS NAN YO KI KA KENBE PLIS DLO?

### AKTIVITE 2

PAPA RAFAEL BA L YON PISIN KI KA GONFLE POU L JWE SOU PLAJ LA. RAFAEL VLE ITILIZE TI BOKIT LA POU L PLEN PISIN NAN AK DLO LANMÈ.


Ilustração: Ana Rita da Costa

**1.** LÈ NOU KONNEN KE RAFAEL DEJA METE 20 TI BOKIT DLO NAN PISIN NAN EPI L RANPLI PISIN NAN RIVE NAN MWATYE L. KONBYEN BOKIT DLO KI MANKE ANKÒ POU L FIN PLEN PISIN NAN?

**2.** POU RANPLI TI BOKIT LA AVÈK DLO, RAFAEL ITILIZE 10 VÈ DLO. KONBYEN VÈ DLO RAFAEL BEZWEN POU L PLEN BOKIT LA?

## AKTIVITE 3

NAN MITAN SAB BLAN, RAFAEL OBSÈVE KOULÈ PARASÒL YO.

**1.** KONTE PARASÒL YO EPI EKRI KANTITE YO YE:

TOTAL:



Ilustrações: Joseane A. Ferreira

**A.** KONBYEN PARASÒL KI GENYEN NAN CHAK KOULÈ YO?





**B.** GEN PLIS PARASÒL WOUJ OSWA BLE?

**C.** KONBYEN KI GENYEN AN PLIS?

## AKTIVITE 4

**1.** REZOUD PWOBLÈM SA YO PANDAN W AP EKRI SOLISYON YO.

**A.** VANDÈ A GEN 8 BOUKÈ WOZ AK 15 BOUKÈ VÈT. KONBYEN BOUKÈ LI GEN POU L VANN?

**B.** VANDÈ A GEN BOUKÈ ORANJ AK BOUKÈ JÒN. SI TOTAL LA BAY 18 BOUKÈ KOTE 9 YO ORANJ KONBYEN BOUKÈ JÒN KI GENYEN?

**C.** VANDÈ A GEN KÈK BOUKÈ VÈT AK 12 BOUKÈ BLE KI BAY YON TOTAL, 20 BOUKÈ. KONBYEN BOUKÈ VÈT VANDÈ A GENYEN?

## SEKANS 3 – DIVÈTISMAN NAN PLAJ LA

### AKTIVITE 1

RAFAEL RENMEN JWE FOUTBÒL NAN SAB LA. GADE KIJAN KAMARAD LI YO FÈ KAN YO:



Ilustração: Ana Rita da Costa

**1.** GADE IMAJ LA, ESPAS KI SEPARE KAN YO EGAL OUBYEN YO DIFERAN?

**2.** KIJAN OU T AP FÈ POU W KA KITE BA TRANSVÈSAL YO GEN MENM ESPAS?

# ATIVITE 2

**1.** RAFAEL AP JWE AVÈK SAB LA "LI RIVE ATENN PWEN VIZE A" NAN SAB PLAJ LA.




Ilustração: Ana Rita da Costa

**A.** KONBYEN PWEN RAFAEL FÈ JISKA NAN MOMAN SA A?

**B.** E SI LI PASE TOU PRÈ10, AVÈK KONBYEN PWEN L AP RETE?

**2.** GADE CHIF YO EPI DI PWEN TOTAL RAFAEL AK SÈL LA FÈ NAN CHAK PATI JWÈT LA:

| |  RAFAEL | TOTAL DE PONTOS |  VERA | TOTAL DE PONTOS |
|---|---|---|---|---|
| 1ª RODADA | 20 10 10 1 | | 20 10 5 5 | |
| 2ª RODADA | 20 20 10 1 | | 20 10 10 5 | |

Ilustrações: Ana Rita da Costa

## AKTIVITE 3

RAFAEL TE JWE "ACERTE O ALVO" A SOU PLAJ LA EPI LI TE MAKE 60 PWEN. GADE ESTRATEJI LI TE ITILIZE POU L TE KONTE PWEN JWÈT SA A:




Ilustração: Ana Rita da Costa

**1.** ITILIZE PWOSEDI RAFAEL YO POU JWENN NONM SA A YO:

| | |
|---|---|
| 16 | |
| 30 | |
| 40 | |
| 50 | |

## SEKANS 4 – SE PA TOUT BAGAY KI TONBE NAN NAS KI SE PWASON

### AKTIVITE 1

PLAJ LA SE YON KOTE KI BÈL EPI AMIZAN. MEN, MALEREZMAN SE PA TOUT MOUN KI PRAN SWEN L.



Ilustração: Ana Rita da Costa

**1.** GADE KONBYEN TAN KÈK FATRA PRAN POU YO DEKONPOZE:

| TIPO DE LIXO | TEMPO DE DECOMPOSIÇÃO |
|---|---|
|  CHICLETE | 5 ANOS |
|  FIO DE NYLON | 30 ANOS |
|  GARRAFA PET | MAIS DE 100 ANOS |
|  LATA DE ALUMÍNIO | 200 A 500 ANOS |

Ilustrações:Freepik / NUCA

Fonte:<http://www.projetoreciclar.ufv.br/?area=temp_degradacao>

**A.** KI FATRA KI PRAN MWENS TAN POU L DEKONPOZE?

**B.** KIYÈS KI PRAN PLIS TAN?

**C.** KI DIFERANS KI GENYEN ANT TAN DEKONPOZISYON CHICLETE AK FIO DE NYLON?

## AKTIVITE 2




Ilustração: Ana Rita da Costa

**1.** KONTE KANTITE TI TAMPINHAS RAFAEL RANMASE SOU PLAJ LA:



Ilustrações: Joseane A. Ferreira

**A.** EKRI NAN ESPAS ANBA A KONBYEN TI TAMPINHAS RAFAEL RANMASE:

**B.** KONBYEN TI TAMPINHAS KI GENYEN NAN CHAK KOULÈ?







**C.** GEN PLIS TI TAMPINHAS WOUJ OSWA GEN PLIS JÒN? KONBYEN AN PLIS?

**2.** NOU PRAL APRANN KONPOZE AK DEKONPOZE NONM N AP ITILIZE TI TAMPINHAS YO



Ilustração: Ana Rita da Costa

**3.** NAN TABLO ANBA A, EKRI KANTITE TI TAMPINHAS KI GENYEN YO AN CHIF:

| | |
|---|---|
| **A.**  | |
| **B.**  | |
| **C.**  | |
| **D.**  | |
| **E.**  | |

**4.** KOUNYE A, DEKONPOZE CHIF YO KI DESINE TI TAMPINHAS YO:

| | |
|---|---|
| **14 PONTOS** | |
| **28 PONTOS** | |